

Feyè Enfòmasyon sou Pwojè Atik 60 pou Plas ak Ri nan Mattapan

Enfòmasyon Jeneral

[PLAN: Mattapan](#) (Komisyon BPDA a te apwouve epi adopte nan mwa me 2023), plan katye Mattapan nan, te rekòmande pou modifye zonaj pou itilizasyon miks ak "Pwen Santral" epi "Aks" komèsyal nan tout katye a. Rekòmandasyon yo vize ankouraje biznis lokal ki dinamik, k ap pwospere ak espas kiltirèl nan tout Mattapan Square ak lòt sant yo nan katye a.

BPDA pwopoze yon plan pou entwodui Distri Zonaj Plas ak Ri nan zòn sa yo li rekòmande. Se Kòd Debaz Zonaj Boston an ki reglemante Distri Zonaj Plas ak Ri yo, sa ki vle di yo p ap mete yo nan Atik 60 Mattapan nan. Fòk yo modifye Atik 60 lan pou li reflekte lefètke yo ap retire kèk soudistri biznis nan katye a ki kontwòle aktyèlman devlopman pwochen zòn kote pou mete Plas ak Ri.

Dènye modifikasyon ki fèt nan Atik 60 lan genyen ladan l chanjman yo pwopoze pou Zonaj Rezidansyèl Mattapan nan. Dokiman sa a kenbe pati yo bife yo ak nouvo tèks ki soti nan pwosesis Zonaj Rezidansyèl la ansanm avèk pati yo bife yo ak nouvo tèks pou pwosesis zonaj Plas ak Ri a.

Pwen Kle yo

Modifikasyon ki fèt nan Kat la

Yo modifye Kat 8B ak 8C Mattapan. Kounye a, yo genyen ladan yo nouvo Distri Plas ak Ri. Se Kòd Debaz la ki reglemante distri sa yo olye se Atik 60 lan. Plizyè soudistri Magazen nan Katye (Neighborhood Shopping, NS) ak soudistri Komèsyal Kominotè (Community Commercial, CC) Atik 60 lan te reglemante oparavan ap katografye kòm Distri Plas ak Ri pito.

Kèk Soudistri Biznis nan Katye Plas ak Ri Ranplase

Distri Plas ak Ri yo ranplase tout soudistri Komèsyal Kominotè yo ak Soudistri Magazen nan Katye Blue Hill Center, Morton Village, ak Morton/Blue Hill Avenue. Yo modifye tèks zonaj atik 60 lan pou l reflekte chanjman sa a:

Sipresyon Distri Kouvèti Devlopman Pòt Antre: Distri Plas ak Ri yo depase FAR ak wotè anplis Distri Kouvèti pou Zòn Devlopman Pòt Antre yo otorize.

Sipresyon Prim pou Konstriksyon Kay: Distri Plas ak Ri yo depase FAR anplis Prim pou Konstriksyon Kay yo otorize.

Sipresyon CC a nan Tablo Itilizasyon B a: Yo modifye li pou l reflekte sipresyon Soudistri Komèsyal Kominotè yo.

Sipresyon CC ak NS-2 nan Tablo Dimansyon F la: Yo modifye li pou l reflekte sipresyon Soudistri CC ak Soudistri NS-2, epi yo chanje non NS-1 an yo rele l "NS".

Modifikasyon Tablo Dimansyon Kay pou Plizyè Fanmi (Multifamily Residential, MFR)

Yo modifye Tablo Dimansyon D a pou yo mete FA ak Wotè anplis yo otorize pou Kay ki pou Plizyè Fanmi yo. Yo fè modifikasyon sa yo pou fè yon bon valè nan pwopriyete MFR yo respekte règ zonaj yo, epi reprezante fòm bati ki egziste a. Pou "Nenpòt lòt Lojman oswa Itilizasyon", yo ogmante FAR a soti nan 0.8 rive nan 2.0, yo ogmante wotè an pye soti nan 35 pye rive nan 40 pye, epi yo ogmante wotè an etaj la soti nan 3 rive nan 4.